



Office of the Superintendent

Dr. Brenda Cassellius, Superintendent
Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street, 5th Floor
Roxbury, Massachusetts 02119

617-635-9050

superintendent@bostonpublicschools.org
www.bostonpublicschools.org

6 me, 2021

Chè kominote lekòl Jackson/Mann School :

Nou remèsyé sila yo ki te jwenn ansanm avèk nou pou reyinyon kominotè yèswa a. Si w pa t kapab asiste reyinyon an, ou kapab gade anrejistrem an kounye a, epitou anba a w ap jwenn yon rezime tout sa nou te diskite yo.

Jan mwen te di li yèswa, lekòl Jackson/Mann se yon kominote espesyal. Mwen remèsyé w pou kòmantè w yo ak patisipasyon kontinyèl ou avèk nou, pandanke n ap travay ansanm pou n modènize e ogmante aksè nan bonjan kalite lekòl atravè [pwoesis planifikasyon edikasyon ak enstalasyon BuildBPS la](#).

An mas 2019, nou te vizite kominote lekòl Jackson/Mann nan pou n te abòde enkyetid yo konsènan biling fizik lekòl la ki te koz distri a mande pou yon evalyasyon aktif enstalasyon an. Sou demann nou, Depatman Enstalasyon Biblik (PFD) Vil Boston te komisyone yon revizyon enjenyè ekstèn okonplè tout sistèm biling nan. Dekouvèt rapò enjenyè yo te sijere ke l pa yon opsyon pratik pou n kite lokal la ouvri alontèm. Pou rezon sa a, te genyen kèk reparasyon akoutèm ki te fèt pou pwolonje itilite biling nan pou ane skolè 2020-2021 an.

An mas 2020, nou te anonse, nan yon reyinyon kominotè, plan pou n demenaje kominote skolè a pou ane skolè 2021-2022 a. Pandan tout prentan ak ivè 2020 an, distri a te lanse de (2) sondaj pou fanmi yo ak manm pèsonèl yo, pou l te ka kolekte kòmantè yo sou plizyè opsyon pou lavni lekòl Jackson/Mann nan. An novanm 2020, nou te genyen yon lòt reyinyon kominotè pou n te anonse yon delè en an nan demenajman kominote skolè a.

Yèswa, aprè anpil konsiderasyon ak dizon fanmi yo, nou te deside ke meyè opsyon an pou lekòl Jackson/Mann se fèmen pòt li an jen 2022, nan fen pwochòn ane skolè a, akoz eta enstalasyon an. N ap bay elèv aktyèl lekòl Jackson/Mann yo priyorite nan pwoesis enskripsiyon skolè a nan fen ane skolè 2021-2022 a.

Desizyon pou n fèmen an pa t fasil e nou konnen sa ap mande yon ti tan pou n dijere nouvèl sa a. Nou vle fè w konnen ke nou la pou ou ak pou elèv ou yo. N ap ba w sipò dekwa pou yon tranzisyon byen swa kapab fèt pou tout moun.

Byenke desizyon sa a se yon desizyon difisil, l ap ban nou yon opòtinite pou n bay elèv lekòl Jackson/Mann yo aksè a yon enstalasyon kalite siperyè. Anplis de sa, fanmi yo ap kapab antre nan pwoesis chwa lekòl la pou chwazi lekòl ki pi prè ak kay yo. N ap travay avèk direktè lekòl la ak kominote a pou n detèmine pwochòn etap yo.



N ap travay avèk Biwo Edikasyon Espesyal la (OSE) ak Biwo Elèv k ap Aprann Angle a (OEL) pou asire ke elèv ki nan pwogram spesyalize yo resevwa divès opsyon adekwat pandan peryòd tranzisyon sa a. Distri a ap prezante plan sa a bay Komite Skolè Boston an mèkredi, 12 me. Ou kapab li materyèl sa yo e gade reyinyon an atravè lyen sa a sou sit entènèt Komite Skolè Boston an (n ap afiche toude 48 èdtan davans avan reyinyon an). Mèsi pou angajman kontinyèl ou, e nou espere kontinye angaje avè w pandan mwa k ap vini yo konsènan meyè fason n kapab bay elèv ou a sipò pandan peryòd tranzisyon sa a.

Nou espere reponn kesyon w yo epitou kontinye travay avè w pou amelyore opòtinite yo pou elèv nou yo.

Sensè salitasyon,



Doktè Brenda Cassellius
Sipèèntandan